# Manusia Proyek

## Cerpen: Ilham Wahyudi


ILUSTRASI JOS

**SESUNGGUHNYA** sudah lama aku ingin menulis cerita ini. Namun setiap kali aku mau menuliskannya, seketika keraguan menyembur dalam hatiku: apakah penting persoalan ini aku tulis? Atau hanya aku sendiri yang merasa penting untuk dituliskan? Ah, selalu saja begitu setiap kali aku ingin menuliskannya.

Tapi sepertinya aku memang harus menuliskannya, sebab kemarin malam teman semasa sekolah mendadak minta sebuah cerpen kepadaku. Katanya,"Aku sedang menyusun sebuah buku antologi cerpen. Aku, kan tahu kau seorang penulis cerpen yang kebetulan karya-karyamu belum pernah dibukukan. Sekalipun hanya nimbrung dalam sebuah antologi."

"Nah, mumpung kali ini aku panitia sekaligus editornya, dan aku tahu persis kegelisahanmu selama ini yang belum pernah punya buku atau karyamu yang dibukukan, aku pun teringat padamu. Bisa kau tulis satu cerpen bertemakan agama?"

Jujur aku tak tahu maksudnya berkata sejujur itu kepadaku. Murni semata empati, atau dia memang menyelipkan sindiran kepadaku yang tak kunjung punya buku kumpulan cerpen, meski hanya buku antologi?

Sebenarnya dia keliru menafsirkan curhatanku tempo hari saat kami bertemu dalam sebuah acara reuni sekolah. Saat itu aku memang ngomong mengenai karya-karya cerpenku yang belum sekali pun dibukukan. Tapi bukan itu maksudku! Aku hanya bingung, apa sih ukuran karya layak dibubukan?

Tapi menjelaskan maksudku kepadanya saat ini bukanlah hal yang penting lagi. Selain akan membuat dia marah dan kecewa, karyaku juga akan gagal dibukukan dalam proyek antologi yang sedang dia garap.

Proyek? Benar. Aku tahu dia bukan orang yang paham tentang cerpen, apalagi suka pada cerpen. Sudah sering aku kirim karyaku kepadanya. Namun tak satu pun yang dia baca.

"Aku kurang tertarik membaca karya yang belum diterbitkan. Nanti saja aku baca cerpenmu kalau sudah diterbitkan surat kabar atau sudah menjadi buku." Begitu dia beralasan. Namun saat aku kirim karyaku yang kebetulan dimuat surat kabar Ibu Kota, alasannya juga tak kalah buat sakit hati.

"Baru sekali, kan, cerpenmu dimuat koran Ibu Kota? Itu belum menjamin apa-apa kawan. Sudahlah, nanti pasti aku baca saat karyamu sudah diterbitkan di mana-mana dan tentunya sudah pula dibukukan," katanya enteng.

Itulah mengapa aku berani mengatakan pembuatan buku antologi itu adalah proyek. Dari dulu kalau sesuatu yang tidak ada duit di ujungnya, mana mungkin dia mau mengerjakan. Sekalipun itu berhubungan dengannya.

Pernah sewaktu kami masih sangat rajin main bola, aku dan beberapa teman berinisiatif untuk membuat kaus tim di luar kaus kami main bola. Maksud kami saat itu agar orang-orang tahu kalau kami adalah tim yang tidak hanya kompak di lapangan, tapi juga di luar lapangan.

Dia dengan lempangnya berkata,"Untuk apa pakai buat kaus semacam itu segala. Memangnya kalau kita buat kaus, tim lain jadi takut tanding dengan kita? Sudahlah, itu tidak perlu! Tapi kalau kalian kukuh mau membuat kaus, ya, silahkan saja. Kalau aku tetap tidak!"

Akhirnya kami tetap patungan membuat kaus, sekaligus untuknya. Dan dia cuek-cuek saja saat kami berikan satu kaus. Begitulah dia yang aku tahu; sampai saat ini kupastikan begitu.

Jangan-jangan karya cerpenku, pun, nanti tidak dibacanya. Apa pentingnya bagi dia kualitas karya. Yang pentingkan bukunya terbit dan dia dapat duit. Selesai. Soal nanti bagus tidaknya, pasti dia kembalikan ke penulis masing-masing. Uh, sudah tertebak. Dasar manusia proyek!

Mendadak terlintas ide gila dalam kepalaku. Mmm... ❑-d

**Akasia 11 CT, 2022**

**) **Ilham Wahyudi,** lahir di Medan, Sumatera Utara. Ia seorang juru antar makanan di DapurIBU dan penggemar berat Chelsea Football Club. Beberapa cerpennya ada yang dimuat dan ada yang ditolak. Buku kumpulan cerpennya 'Kalimance Ingin Jadi Penyair' akan segera terbit.*

## Oase

### Reni Asih Widiyastuti

### MENGEJA DIRI

Mari mengeja diri,
melintasi alur yang semakin riuh,
di antara lautan api kenikmatan,
dan kayuh lelah kepahitan.

Mari mengeja diri,
sebelum hamparan ini berubah,
dan tak ada lagi senyum mentari,
hingga bergumul tanpa saling memandang.

Mari mengeja diri,
tanpa menggali luka rasa,
dan menjerit bagaikan putih,
sampai melukis cela perbedaan.

Bacalah
Pandangi
Resapi
sebelum berbisik.

**Semarang, September 2022**

### TAWA PARA ANJING

Piaralah anjing-anjing itu selamanya,
yang menjerit sembari tertawa kepada telapak merayap,
nyaris setiap waktu seakan telah membatu,
tak ada kompromi atau sejenisnya.

Melayanglah di atas bubur kelabu,
dan tak lagi bermandikan debu juga bau,
bila tak ingin ditertawakan anjing-anjing,
tak peduli luka atau mati.

Cari
nyaman
nikmat
sebaliknya tidak.

**Semarang, September 2022**

### BELUM TERJAWAB

Kehidupan seakan ramai lalu lalang keinginan,
dan hari itu seolah kosong meski terisi,
harapan membelenggu kenikmatan yang terpisah,
tatapan hanya sebatas pada satu tujuan.

Nikmatilah meski tak lebih dari setengahnya,
sajian yang selayaknya diterima,
meski ingin menuang tetapi lama,
ada silang untuk menghentikan?

Tanda tanya
pertanda
apakah?
sampai sirna pun belum terjawab.

**Semarang, September 2022**

### TERIAKAN RERUMPUTAN

Rerumputan itu berteriak kepada pohon yang tinggi,
dan seakan menatap dengan nanar kepadanya,
sembari melontarkan nyanyian siksa,
namun diam tak berarti terhenti.

Mungkin sudah saatnya berada di dekat pintu,
di antara hitam dan putih,
walau masih terasa jauh,
tetapi telah bergaung sejak dini.

Sadar
hentikan
sunyi
tunggu suatu saat nanti.

**Semarang, September 2022**

### IMPIAN PAYUNG BERBINGKAI

Selamat pagi payung berbingkai,
masihkah berkata-kata mewangi,
yang meletakkan setangkai di tataran tinggi,
bagai anak manusia berandai-andai.

Selamat siang payung berbingkai,
bersiaplah untuk melayang,
dan kelak menjadikan nyanyian,
hingga malam mencari bola-bola dalam kaca.

Angkuh
menjulang
atas
Selamat sore payung berbingkai.

**Semarang, September 2022**

**) **ReniAsih Widiyastuti,** kelahiran Semarang, 17 Oktober 1990, alumnus SMK Muhammadiyah 1 Semarang, karyanya telah dimuat di berbagai media massa.*

# MEKAR SARI

# Tuladha

## Cerkak: Fadmi Sustiwi

"**PIYE** Ndhuk, apa pepenginanmu kuwi wis ora bisa diwurungke. Apa kowe tenan bakal nglawan bapakmu?"

Aku kaget krungu ngendikane Ibu, kang tindak mlebu kamarku. Kok dadi aku dianggep nglawan? Apa Bapak rumaos ora seneng? Pancen aku ngrumangsani owah-owahing adatku. Ora kaya biyasane, kang seneng kumpul metu, rengeng-rengeng, ngrewangi Ibu lan sapanunggale. Nanging udakara wis seminggu iki aku ora akeh omong. Saben dina isih tansah mbiyantu Ibu ana pawon, nanging bubar masak utawa bubar asah-asah ya wis. Ora njur crita karo ibu kaya adate.

Aku ngakoni, lagi gela karo putusane Bapak kang langsung ora marengke menawa aku dibenum nang Sebatik. Kamangka wiwit sepisanan aku wis matur, menawa sing ditawakke nang kampusku nalika semana kuwi dadi guru ana *perbatasan*, kang katelah 3 T: *Terdepan, Terluar*, lan *Tertinggal*. Nalika aku ndhaptar Bapak uga sarujuk, nanging bareng aku ketampa kok banjur ora marengake aku mangkat? Kuwi rak ngajari aku ora becik jenenge. Lan maneh uga aku bisa sinebut, wis ngrebut hake wong liya nanging mung taklepeh.


ILUSTRASI JOS

Mesthine, ta? Menawa aku ora mangkat rak jeneng aku mbuwang *kesempatan* sing wis dadi duwekku. Kamangka ana wong sing sakjane duwe hak, nanging kalah marga aku sing dipilih. Kuwi rak jenenge aku wis deksiya marang liyan. Menawa aku ora melu seleksi, mbokmenawa wae wong liya kuwi bisa ketampa.

"Mboten wonten ing manah kula badhe nglawan Bapak. Kula menika atmaja, mboten wantun duraka," aturku marang Ibu kanthi alus. Piye-piye wae aku ngerti menawa Ibu kuwi mung didhawuhi Bapak. Sebab menawa Bapak dhewe sing mundhut pirsa, dadine kaya wingi, banjur bengkerengan.

"Kowe kuwi rak durung ngerti kana, Ndhuk... Piye nang Sebatik kuwi? Gek mengko lehmu manggon nang endi, kancamu sapa?"

Aku mesem krungu pangandikane Ibu. Dene Ibu isih mirsani aku. "Ibu kesupen? Kula sampun dumugi Sebatik nalika SMA rumiyin, amargi ndherek Kemah Pramuka Bahari lan wonten Sebatik kinten-kinten seminggu. Anggenipun ndherek Kemah Bahari malah kalih tengah wulan, nanging bakti sosialipun wonten Sebatik, setunggal minggu. Kula miris Ibu, ningali lare-lare alit sekolahipun kurang guru, Puskesmas kurang dhokter, lan sapanunggalipun.

Ibu lan Bapak menika ugi guru. Kadospundi raosipun, mriksani kahanan kados mekaten raosipun kadospundi? Menawi lare-lare menika mangke milih dados warga Malaysia amargi awit alit dipun-gulawentah, sekolah mboten mbayar, sakit gampil dhateng griya sakit. Lha sakmenima mumpun wonten *kesempatan*. Pemerintah nembe mbangun sekolah enggal, SD-SMP, lan kula sakanca sampun ketampi. Mboten piyambak Bu, saking setunggal pawiyatan luhur menika kita wonten gangsal ingkang katampi... Senajan menika panci program *khusus*."

Ibu mung mendel mireng aturku kang dawa banget. Ora suwe unjal ambegan landhung.

***

"ASSALAMUALAIKUM!" Ana swara uluk salam seka njaba. Ibu enggal-enggal miyos, nanging kalah dhisik karo Bapak sing lenggahan nang njaba. Takkira Bapak uga mireng aturku kabeh seka kamar. Apamaneh lawang kamar pancen karo Ibu sengaja ora ditutup. "Lho Mbok, kalih sinten?" Keprungu ature Bapak sora. Wah mesthi Simbah Joyo kuwi sing rawuh. Mbah Joyo kuwi ibune Bapak kang lenggah ana lor pasar lawas Imogiri.

"Dhewe wae, Le. Aku kok kangen karo putuku Arum. Karo ya kepengin ndelok fotone nalika wisudha. Lha Arum kuwi wis gawe mongkog-ku, jeneng putu sepisanan sing diwisudha saka pawiyatan luhur. Wis oleh gaweyan durung?"

Durung nganti ana pangandikane Bapak, aku wis ana sangarepe Simbah lan banjur diruket kenceng. "Piye Ndhuk kabarmu...? Wis oleh gaweyan durung?"

"Lha ya kuwi Mbok, kandhanana putumu kuwi. Lulus kok njur arep lunga adoh, lha milih dibenum nang Sebatik. Ya mesthi wae tak-*larang*, anak wedok je..."

"Dadi anakmu mbok-*larang* nyambutgawe, Le?"

"Njih... Mboten eklas yen tebih. Lha limang jangkah mawon pun dugi Malaysia, Mbok... Lha lare setri je..."

"Lha yen bocah wedok ngapa ta, Le?" Aku kaget krungu pandangune Simbah marang Bapak, nalika metu nggawa unjukan.

"Cah wedok niku rak saene ten nggriya mboten sah kesah tebih. Wong akhire mangke nggih namun bethak wonten pawon, momong anak."

"Lho... Lho... Kowe ki tak sekolahke dhuwur kok leh mu mikir kuna temen, Le. Takkira bareng taksekolahke dhuwur kowe bisa mikir beda lan bisa nampa menawa cah wedok uga bisa sekolah dhuwur, nyambutgawe dhuwur lan bayare akeh. Jebul cupet men lehmu mikir, kalah karo suwargi bapakmu sing ora sekolah. Lali tuladhane Bapak sing ngeculke mbakyumu Karti dadi perawat nang Arso, pirang langkah seka Papua Nugini."

Bapak ndhingkluk mireng pangandikane Simbah. "Ngene lho Le, ana tuladha becik. Kowe rak ya ngerti critane Ratu Pembayun, putrine Kangjeng Panembahan Senapati. Senajan putri raja, nanging uga duwe kasekten, merga sinau. Panembahan Senapati wae kersa ngangkat Ratu Pembayun dadi senapati kanggo ngalahke Ki Ageng Mangir, malah dieklaske nganti dadi ledhek tayub.

Lha iki Arum rak dadi guru, isih ana tlatah Indonesia ta senajan cedhak Malaysia, kok abot lehmu ngeculke. Didongakke mulya, bisa golek pengalaman kanggo sangu urip. Aja nyrimpeti lakune anak.."

Rasane aku kepengin surak. Nanging taksawang Bapak ndhingkluk, ora wani matur apa-apa marang simbah. ❑-d

**(minomartani, tengah Oktober 2022)**

## MACAPATAN

### Drs. Subagya

### PITUTUR MRING PARA MUDHA

**(Dhandhanggula)**

1. Janma kang nampi pitutur adi
Saking tyang sepuh lan para dwija
Mengkene mungguh jlentrehe
Pitutur adi iku
Sopan santun twin tata krami
Sarta panggawe adya
Kang yogya den anut
Den anut hing para mudha
Ingkang dumunung ing tlatah negri iki
Mugi rila hanampa

2. Pitutur iku pindha tri wiji
Kang dhumawah ana ing bantala
Mangga mulat kahanane
Yeku kahananipun
Kang kapisan dhawahing wiji
Ana ing tengah marga
Datan bisa tuwuh
Awit pinidak pra janma
Iku pindha pitutur kang mung tinampi
Nging datan den tindakna

3. Kang kaping dwi dhawahipun wiji
Dhawah tumumpang sela lumasa
Yen kapirsa kahanane
Sakedhap nggennya tuwuh
Tinerak panas sigra mati
Iku pindha pra mudha
Sakedhap nggenipun
Nindakke pitutur adya
Wusananya tan eling mring tata krami
Twin sopan santun uga

4. Kang kaping tri dhawahipun wiji
Wiji dhawah hing tengah bantala
Bantala kang keh rabuke
Tuwuh haledhung ledhung
Kadya pitutur kang tinampi
Dening para ngamudha
Den tindakke terus
Mlebet hing raga lan jiwa
Para mudha dadya janma kang utami
Hamaedahi bangsa

**Bugisan, 6 Oktober 2022**